

Chè Paran/Responsab:

Nou ekri w pou fè w konnen kòm yon pati nan plan pou fè pwogram ak sèvis ki ede ak andikap(related services) yo adapte ak obligasyon Medicaid eta a, DOE pral fè doktè egzamine ak evalye related services yo bay elèv ki gen andikap(students with disabilities, SWD) nan lekòl leta ak lekòl prive Vil Nouyòk yo. Se kapab doktè, asistan doktè oswa enfimyè pratisyen ki fè evalyasyon sa yo pandan ane lekòl sa a. Doktè yo pral obsève pitit ou a nan sesyon/anviwònman lekòl la epi y ap diskite ak terapè la. Doktè sa yo p ap gen kontak pèsònèl avèk pitit ou a, epi tout obsèvasyon yo ap fèt an prezans terapè la.

Evalyasyon sa a p ap koute w anyen. Evalyasyon yo pa fè pati pwosesis IEP a, ni yo p ap gen efè sou rekòmandasyon yo mete anplas pou pitit ou a, byenke yo ka itilize enfòmasyon yo jwenn nan evalyasyon sa a pou fè sesyon terapè y ap ofri pitit ou a. Sitiyasyon sou asirans swen sante pitit ou a rete konfidansyèl epi li pa gen anyen pou wè avèk evalyasyon sa a.

Nou espere egzamen ak evalyasyon sa yo pral kontribiye nan efò Depatman Edikasyon (Department of Education, DOE) ap fè pou amelyore sèvis yo bay pitit ou a epi fè li kalifye pou lòt lajan federal pou sipòte sèvis sa yo.

Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte lekòl pitit ou a.

Avèk senserite,